




Èske ou ansent oswa ou fenk gen yon tibebe?

Konnen nan ki moman pou rele pou jwenn èd - byen rapid!

Moman gwosès lan kapab yon bèl moman pou anpil moun. Li kapab fatige kò a anpil tou. Ou kapab gen kèk kesyon sou sentom yo, gwosès ou an, oswa sou kijan w santi ou. Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ede ou. Poze yo kesyon nan telefòn oswa pandan randevou yo.

Pifò moun gen kèk ti sentom sèlman tankou yon ti tèt vire nan maten oswa men yo, bra yo, janm yo oswa pye yo fè yon ti anfle. Kèk siy avètisman kapab vle di gen yon bagay ki grav ki pral pase.

Pataje enfòmasyon sa a ak moun w ap viv bò kote yo oswa moun ou wè ak yo souvan. Yo kapab remake kèk nan sentom sa yo avan ou.



Rele 911.

Chèche èd rapid vit si w gen youn nan sentom sa yo ki anba la pandan w ansent oswa aprè w fin akouche. Pa kondi ale lopital poukont ou.

- Souf kout (esoufleman) - Ou pa kapab byen respire, li difisil pou w respire
- Panse ou ka fè tèt ou oswa tibebe w lan mal
- Doule nan pwatrin oswa batman kè ki rapid
- Tèt fè malki pa janm kanpe lè w pran medikaman, oswa ki parèt sanzatan.
- Pandan moman gwosès lan, bebe a sanble bouje mwens oswa sispenn bouje
- Lè tibebe a fèt po li gen koulè ble oswa po li frèt

RELE Pwofesyonèl Swen Sante ou an.

Rele pwofesyonèl swen sante ou an oswa pou jwenn èd rapid vit si w gen youn nan sentom ki anba la pandan w ansent lan oswa aprè w fin akouche. Si w pa kapab pale ak pwofesyonèl swen sante ou an, rele 911.

- Ou gen lafyèv ak yon tanperati pi wo pase 100.4* F
- Men ou yo, bra ou yo, janm ou yo, chevi ou yo, oswa pye ou yo anfle – sitou si yo anfle pase jan yo konn anfle a
- Tèt vire (vètij)
- Chanjman nan vizyon ou – flou oswa pa ka byen fikse
- Gwo tèt vire oswa vomisman – plis pase tèt vire ou konn genyen nan maten yo
- Fatig - santi w fatige anpil
- Emoraji nan vajen oswa ekoulman pandan moman gwosès la
- Emoraji nan vajen oswa gwo boul san
- Blese ki pa janm geri, sitou aprè yon sezaryèn - yo konnen li tou sou non "C-Section"



Department
of Health

Konprann Analiz ou an.

Kèk pwoblèm pandan gwosès lan oswa aprè akouchman an kapab tounen yon menas pou lavi ou. Yo kapab menm touye ou.

Ou kapab gen youn nan pwoblèm oswa sentom ki anba la yo pandan w ansent oswa aprè w fin akouche. Si sa rive, mande pwofesyonèl swen sante ou an èd pou po kapab rete an sante toutotan ou kapab.

Gen de kalite tansyon ki kapab rive nan dènye mwa gwosès lan oswa aprè akouchman - **preeklanmsi** epi **eklanmsi**. Yo kapab rive lè kè a fatigue anpil. Yo kapab ajì sou lòt ògàn yo tankou fwa ak ren yo tou.

Sentom tankou:

- Vizyon twoub,
- Sansib ak limyè - gwo limyè yo fè je w yo mal,
- Tèt fè mal ki pa sispann menm si w pran medikaman,
- Tè vire oswa vomisman,
- Twoub pou respire, epi/oswa
- Janm, men, ak figi w ki anfle.

Menm yon moun ki pa fè sik kapab fè maladi sa a pandan moman gwosès lan. Yo dwe trete oswa kontwole **dyabèt jestasyonèl (an rapò ak gwosès)** lan. Si yo pa fè sa, sa kapab bay tibebe a pwoblèm oswa lakòz li gen pwoblèm respiratwa.

Sentom tankou:

- Santi w swaf anpil
- Pipi souvan
- Santi w fatigue anpil,
- Tèt vire,
- Vizyon twoub, epi
- Enfeksyon nan vaje, blad pipi, ak po.

Sendwom HELLP la se yon maladi ki ra ki kapab rive nan dènye mwa gwosès yo, epi kèk fwa aprè akouchman. Yo dwe fè tès san pou dyagnostike li.

Sentom tankou:

- Vizyon twoub,
- Doule nan pwatrin,
- Doule nan pati anwo adwat oswa nan mitan lestomak lan,
- Tèt fè mal,
- Santi w fatigue anpil, epi
- Tèt vire oswa vomisman.

Yon pwoblèm ra men ki grav kapab rive lè likid amyotik lan rantre nan san ou. Se sa nou rele **Anboli likid amyotik** (Amniotic fluid embolism, AFE). Sa kapab rive paske plasenta a dechire, oswa gen yon blese nan vant lan. Sa kapab fè boul san pouse nan poumon yo ak nan sèvo a. AFE kapab rive pandan gwosès lan epi yon ti kras tan aprè akouchman an.

Sentom tankou:

- Difilte pou respire,
- Tous,
- Tansyon ba, epi
- Po ak zong ki gen koulè ble.

Si sa rive pandan w ansent lan, kè tibebe a kapab bat dousman.

Yo rele gwo pèt san pandan moman oswa aprè akouchman an **emoraji aprè akouchman**. Sa pa yon bagay ki rive fasil, men sa kapab grav anpil. Jeneralman sa souvan rive yon jou aprè akouchman an - men sa ka rive fèt jiska 3 mwa aprè akouchman an.

Sentom tankou:

- Bay anpil san nan vaje ki pa janm kanpe,
- Tansyon ba,
- Poul oswa rit kadyak rapid, epi
- Anflamasyon ak doule nan bouch vaje an.

Lè kò reyaji yon fason ki egzajere akòz yon enfeksyon, yo rele sa **enfeksyon nan san (septisemi)**.

Sentom tankou:

- Lafyè,
- Pèt Konesans (dezòd),
- Frison
- Tansyon ba,
- Po glase epi manke vi (blanch), epi
- Men ak pye ou ki parèt yon ti jan ble.

Jwenn plis enfòmasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb

<https://www.marchofdimes.org/complications/pregnancy-complications.aspx#>

OSWA

<https://safehealthcareforeverywoman.org/urgentmaternalwarningsigns/>